

CERKAK 2

Kekancan Sak Lawase

(sumber : <https://tirto.id/contoh-cerkak-bahasa-jawa-singkat-dari-berbagai-tema-gxXy>)

Jenengku Fajar, aku duwe kanca kang jenenge Sodiq. Sodiq iku kancaku awet aku cilik. Sodiq iku wonge apikan ya setia kawan. Biasane Sodiq ngundang aku tukang ngantukan, tapi aku ya ora duwe rasa rishi nek diundang ngono kuwi, mungkin amerga aku wis biasa dadi ya ora tak gawa ati.

“Duwar...itik-itik swarane Sodiq ngageti aku. Kowe lho jhan ngaget-ngageti aku wae, nek aku jantungan piye gelem pa awakmu tanggung jawab? Jawabku marang Sodiq.

Ngapurane lah Jar, kowe sih ngantukan wae, kae wis bel masuk, selak di seneni mengko karo pak guru-guru balas Sodiq marang akau. Sak wise iku, aku lan Sodiq mlebu kelas bareng-bareng.

Bel bali sekolah wis diunikake, kaya biasane aku karo Sodiq bali bareng, nanging tekan setengah perjalanan aku karo Sodiq kepisah amerga Sodiq lagi arep mampir mareng tukang jahitan jupuk klambine ibuke. Akhire aku bali dhewean, la teka-teka buku sek takgawa tiba “buukkkk” ditabrak bocah cilik.

“Sepurane mas, aku boten sengaja e”

“Ya rapapa dek mung buku kok seng gugal, mulakna nek mlaku kuwi seng ati-ati ya dek.”

“Enggeh mas”

Kaya biasane aku budal sekolah jam setengah pitu, ya kaya biasane aku melu pelajaran pak guru lan bu guru. Nanging kok dina iki ora kaya biasane, Sodiq kok gak ketok sedina iki, dadekake kuwatir maring pikiran aku, aku mutusake bali sekolah maring omahe Sodiq. Tekan ngarep omahe, ya beda ora kaya biasane swasanane iki sepi banget kaya gak ana wong. Terus akhire aku takon marang pak satpam, jebule Sodiq ora enek omah kono alias pindah anyar. Bali seka omahe Sodiq aku lagi kepikiran, loh kenapa kok Sodiq pindhah ko kora neng kono wae? Ya kenapa kok Sodiq ora ngomong karo aku? Kan aku kancane? Malah aku dadi bingung dhewe karo Sodiq.

Minggu isuk aku pamitan marang ibuk arep nggoleki alamat omahe Sodiq sek anyar. 1 jam luwih jebule aku muter-muter nglewati dalan sempit-sempit akhire ya ketemu omahe Sodiq



batinku. Aku kaget tekan ngarep omahe Sodiq seng biasane urip enak lan kepenak saiki malah urip nek papan sek kumuh lan sempit.

“Assalamu’alaikum..” Aku kang ngucap salam nek ngarep omahe Sodiq.

Wa’alaikumsalam..” Bales Sodiq pas buka lawang.

Ora basa-basi Sodiq langsung ngajak mlebu marang omahe. Sodiq banjur crita marang kabeh kapindhahane, jebule kulawargane iku duwe utang marang bank. Nanging sayange kulawargane iku ora sanggup bayar akhire omahe kuwi dadi di sita karo pihak bank.

“Yow is Deq, ora usah sedhih terus, iseh ana aku kancamu kok, aku bakal tetep dadi kancamu marang apa sing dadi kahananmu sakiki sedhih lan senengmu.” Omonganku gawe nenangake Sodiq sing lagi sedhih.

“Alhamdulillah Jar, aku bersukur banget marang Gusti Allah, soale Allah wis ngewenehi kanca kaya awakmu..”

“Ngene wae Diq, ahewe gawe prajanjian yen adhewe kuwi bakal terus bareng-bareng ora bakal kepisah masia adhewe adoh merga jarak, kowe wis tak anggep kaya kangmasku dhewe.”

“Siap,, janji ya kekancan sak lawase jar”

.....



Kelompok

Anggota Kelompok

Pitakenan

Kaseratna unsur intrinsik ingkang wonten ing cerkak nginggil kanthi ringkes lan cetha!

1. Tema

2. Alur

3. Latar

4. Watak

5. Pitutur

